

Kisa Sèvis Asistans Sosyal Rabè Telefòn ye (Lifeline Discounted Telephone Service)?

Nan sitiwayon kote kounye a tout moun konekte ansanm, telefòn pèmèt ou gen yon lyen endispansab ak sèvis gouvènman, èd dijans e resous nan kominote a. Pou pifò nan nou, se jis yon koutfil pou konekte ak travay nou, fanmi, doktè ak zanmi nou. Malgre sa, se pa tout moun ki gen mwayen peye sèvis telefòn.

Sèvis Asistans Sosyal Rabè Telefòn nan Eta New York (New York State Lifeline Discounted Telephone Service) se yon pwogram èd ki la pou fè sèvis debaz telefòn vin pi abòdab pou moun New York ki kalifye dapre revni.

Anpil konpayi telefòn ofri li, epi Lifeline ede kliyan rete konekte e ekonomize lajan sou bil telefòn yo chak mwa.



Konekte ak ekonomi.

Nan kad pwogram Lifeline nan Eta New York, anpil konpayi telefòn (kèk konpayi telefòn san fil ladan tou) bay rabè pou ede moun New York ki kalifye dapre revni ekonomize lajan sou bil telefòn yo. Kontakte konpayi telefòn ou an pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram Lifeline pa yo epi aplike jodi a menm.

Pou jwenn plis enfòmasyon ansanm ak yon lis konpayi telefòn ki nan pwogram Lifeline lan, ale sou sit entènèt NYS Public Service Commission (Komisyon Sèvis Piblik nan Eta New York). Ou ka kontakte Komisyon an gratis tou nan **1-888-AskPSC1**.

Sèvis Piblik nan Eta New York



Ekonomize lajan sou bòdwo telefòn ou.





Sèvis Asistans Sosyal Rabè Telefòn nan Eta New York (New York State Lifeline Discounted Telephone Service) se yon pwogram èd anpil konpayi telefòn ofri, ki gen ladan kèk konpayi telefòn san fil tou, pou ede kliyan ki kalifye dapre revni **fè ekonomi lajan** sou bòdwo telefòn yo.

Kijan Lifeline fonksyone?

Kliyan ki kalifye ka aplike pou Lifeline pa lentèmedyè konpayi telefòn ki nan pwogram lan epi resevwa yon rabè swa sou sèvis telefòn yo genyen pou kay la (fiks) oswa sou sèvis san fil. Benefis Lifeline gen ladan:

- Ekonomi jiska \$250 pa ane pou sèvis telefòn nan kay grasa frè sèvis debaz lokal ki pi ba ak yon egzansyon federal subscriber line charge (taks federal sou liy abònè federal).
- Minit gratis, tarif pi ba ak telefòn gratis pou kliyan sèvis san fil.

Ekonomi ak benefis ou fè antou ap varye toudepan konpayi telefòn ou.

Èske m kapab jwenn plis pase yon sèl rabè?

Kliyan ki kalifye yo ka resevwa sèlman yon sèl sèvis Lifeline alafwa, ki vle di rabè a ka aplike swa pou sèvis telefòn kay oswa pou sèvis san fil, men li pa ka aplike pou toude anmenmnan.

Anplisdesa, rabè Lifeline disponib sèlman pou yon sèl liy nan yon kay. Definisyon "Kay" se nenpòt moun oswa gwoup moun k ap viv ansanm nan yon menm adrès antan yon inite ekonomik, ki se tout moun granmoun ki kontribye nan revni ak depans yon kay e ki pataje revni ak depans sa yo.

Sipò Lifeline gendwa disponib pou kliyan ki kalifye ki gen revni fèb ki abite nan rezidans angwoup si lè y ap enskri nan pwogram lan yo ka pwouve ke tout lòt benefisyè Lifeline ki nan menm adrès la fè pati yon lòt kay apa.

Èske mwen kalifye pou Lifeline?

Ou kalifye pou Lifeline si revni w nan nivo 135% nan **Gid sou Revni pou Povrete (Federal Poverty Guidelines*)** oswa nan nivo ki pi ba, oubyen si w patisipe nan nenpòt nan pwogram asistans sa yo:

- Revni Sekirite Siplemanntè (SSI, Supplemental Security Income)
- Pwogram Asistans Enèji pou Kay (HEAP, Home Energy Assistance Program)
- Pwogram Asistans Nitrisyonèl Siplemanntè (Supplemental Nutrition Assistance Program) (ki te anvansa Food Stamps)
- Medicaid
- Asistans Federal pou Lojman Piblik (Federal Public Housing Assistance) (Section 8)
- Asistans pou Fanmi (Family Assistance)
- Asistans pou Sekirite (Safety Net Assistance)
- Pwogram Manje Gratis nan Lekòl (Free School Lunch Program)



*Pou lòt kondisyon revni ki pi resan yo, ale nan www.AskPSC.com/lifeline oswa rele 1-888-AskPSC1.

Kijan pou m aplike?

Ou ka aplike pou Lifeline dirèkteman pa lentèmedyè konpayi telefòn ou ki nan pwogram lan. Kontakte konpayi telefòn ou an pou mande enfòmasyon sou pwogram lan.

Ou ka jwenn tou yon lis konpayi konpayi telefòn nan kay ak telefòn san fil ki ofri Lifeline nan Eta New York si w ale nan www.AskPSC.com oswa si w rele 1-888-AskPSC1.

Tanpri, nou vle pou konnen konpayi telefòn ou an ap verifiye chak ane si kalifikasyon w pou sèvis Lifeline toujou valab ak si pa gen ankenn lòt moun nan kay ou ki gen sèvis Lifeline. Si w pa kalifye ankò, yo va enfòmè w yo pral sispann rabè w lan.

Kisa Pwogram sou Tè Endyen yo ye (Tribal Lands Program)?

Moun ki rete nan tè tribi endyen yo kapab kalifye pou benefis Lifeline anplis, ansanm ak yon rabè tou sou premye aktivasyon sèvis telefòn.

Asistans Sosyal Amelyore (Enhanced Lifeline):

Pwogram sa a ofri rabè anplis sou pri sèvis telefòn kay oswa pou sèvis san fil pou kliyan ki kalifye ki gen revni fèb k ap viv sou tè Tribi yo. Kalifikasyon an gen ladan tout kondisyon ki genyen pou kliyan ki pa nan Tribi yo, ansanm ak:

- Asistans Jeneral Biwo ki okipe Afè Endyen (Bureau of Indian Affairs General Assistance)
- Pwogram Èd Tanporè pou Fanmi ki nan Nesesite ke Tribi yo administre (Tribally-Administered Temporary Assistance for Needy Families)
- Pwogram Distribisyon Manje nan Rezèv Endyen yo (Food Distribution Program on Indian Reservations)
- Pwogram Preskolè sou Tè Endyen yo (Tribal Lands Head Start) (si moun lan ranpli kritè kalifikasyon dapre revni) oswa Pwogram asistans Leta yo (si sa aplikab).

Pwogram Link Up: Pwogram Link Up sou Tè Endyen yo bay yon rabè yon sèl-fwa pou jiska \$100 sou premye enstalasyon oswa aktivasyon sèvis telefòn kay oswa pou sèvis san fil pou rezidans prensipal. Pwogram Link Up sou Tè Endyen an pèmèt kliyan yo peye tou rès montan yo dwe grasa yon aranjman, ki pa gen enterè. Règleman Federal entèdi kliyan ki kalifye ki gen revni fèb resevwa plis pase YON SÈL rabè Link Up nan yon rezidans prensipal. Yo ofri sipò Link Up la sèlman pou konpayi k ap bati enfrastruktik sou tè Tribi yo, kidonk se pa tout konpayi ki ka fè rabè sou frè aktivasyon yo.